



Pou Piblikasyon Imedya: 30/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY LÒT FINANSMAN POU KOWALISYON SOU
PREVANSYON NAN KOMINOTE YO NAN ZÒN KI GEN GWO BEZWEN YO NAN
ETA A PANDAN MWA NASYONAL SOU ITILIZASYON SIBSTANS AK
PREVANSYON MOVE ITILIZASYON**

*Yo bay founisè yo apeprè 1 milyon dola pou yo ka kontinye ak inisyativ
Kowalisyon pou Prevansyon nan Kominote ki te gen siksè ki te premye lanse an
2024*

*Moniman istorik yo nan Eta a pral limen ak koulè wouj aswè a nan obsèvasyon
Mwa sou Prevansyon Nasyonal la ak Semèn Riban Wouj la*

*Kominike videyo Komisè Cunningham lan mete aksan sou sèvis ki disponib ak
travay prevansyon yo nan Eta Nouyòk [disponib isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta Nouyòk ap bay apeprè 1 milyon dola ki soti nan finansman Fon Règleman pou Opyoyid (Opioid Settlement Fund) Eta Nouyòk la pou founisè ki nan zòn ki gen gwo bezwen yo pou ede egzekite plizyè inisyativ prevansyon sou adiksyon. Prim finansman sa a vini pandan eta a ap make obsèvasyon anyèl [Mwa Nasyonal sou Prevansyon Itilizasyon Sibstans ak Move Itilizasyon](#) an, ansanm ak [Semèn Riban Wouj](#), yon inisyativ nasyonal pou ogmante konsyantizasyon sou enpòtans efò prevansyon pou itilizasyon sibstans pami jèn yo.

"Eta Nouyòk kontinye voye finansman règleman bay founisè ak kominote ki plis bezwen li — epi avèk dènye prim sa a, n ap sipòte pi byen sèvis prevansyon pou Nouyòkè yo ki nan zòn ki gen plis bezwen nan eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap obsève Mwa Nasyonal sou Prevansyon ak Semèn Riban Wouj la, li se yon rapèl sou enpòtans sèvis sa yo ak enpak pozitif yo ka genyen sou moun, fanmi ak kominote yo."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta Nouyòk la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Prevansyon se yon pati vital nan sistèm swen OASAS la, epi n ap travay depre chak jou ak founisè nou yo ak patnè nou yo pou asire yo gen finansman ak sipò ki nesèsè pou elaji sèvis yo ak atenn sila yo ki gen risk adiksyon. Finansman sa a pwolonje yon pwojè k ap kontinye ki te deja ede nou atenn Nouyòkè yo ki nan zòn ki gen gwo bezwen avèk sèvis enpòtan sa yo epi pral kontinye benefisye moun ak kominote sa yo."

Finansman Kowalisyon pou Prevansyon Kominotè

Yo bay yon total 978,419 milyon dola nan finansman règleman pou senk founisè pou sipòte devlopman kowalisyon prevansyon nan kominote, pwolonje yon pwogram ki te lanse pou premye fwa nan kòmansman ane 2024 la. Founisè sa yo twouve yo nan konte ki idantifye kòm zòn ki nan gwo bezwen epi atravè kowalisyon yo, ap bay sèvis prevansyon sible pou jèn, fanmi ak kominote a. Sa yo gen ladan edikasyon, twous destriksyon dwòg, bwat vewouyaj medikaman ak inisyasyon ak pwomosyon jounen rekiperasyon dwòg.

Finansman sa a pou founisè yo ki idantifye anba yo pwolonje inisyativ sa a jiska fen 2028. Yo bay apeprè 5 milyon dola nan finansman règleman an pou sipòte pwojè sa a.

Capital District

- Kowalisyon Adiksyon Columbia-Greene - 200,000 dola

Mid-Hudson

- Konsèy sou Adiksyon, Prevansyon, ak Edikasyon nan Konte Dutchess - 200,000 dola
- Cornell Cooperative Extension nan Konte Sullivan - 200,000 dola
- Westchester-Ellenville Hospital, Inc: 178,419 dola

Rejyon Lwès Nouyòk

- Prevention Works: 200,000 dola

Inisyativ la kontinye inisyativ prensipal Eta Nouyòk pou distribye lajan règleman pou opyoyid. Jiskaprezan, Nouyòk te mete disponib plis pase 454 milyon dola nan fon règleman pou opyoyid la, ki se pi plis pase nenpòt eta nan peyi a.

Eta Nouyòk ap resevwa plis pase 2.5 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikasyon opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon ki dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la. Sa enkli ekspansyon pou jwenn aksè nan medikaman pou adiksyon, pwogram konsyantizasyon pou ede konekte moun yo ak sèvis yo, efò edikatif yo, sipò pou sant rekiperasyon yo ak inisyativ pou ogmante retansyon ak devlopman mendèv. Gen yon lis detaye inisyativ ki jwenn finansman ak lajan sa a ki disponib sou [swivi Fon Règleman pou Opyoyid Eta Nouyòk la](#).

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Nan fèmèn echapatwa pou asire tout lajan nan akò a ale nan Fon Règleman pou Opyoyid la epi nan ankouraje plis transparans atravè bidjè ane sa a, Gouvènè Hochul te montre yon angajman klè pou sipòte efò prevansyon ki ranfòse fanmi yo epi sove lavi. Kòm Prezidan Komite Sena a

sou Twoub Alkòl ak Itilizasyon Sibstans, mwen fyè pou m wè Nouyòk kontinye ap trase wout pou konbat adiksyon avèk resous ak konpasyon moman an egzije."

Senatè Eta a, George Borrello te deklare, "Mwen bat bravo pou investisman eta a pou fon règleman pou opyoyid yo nan Prevention Works, yon òganizasyon kominotè ak efikas ki konsantre sou prevansyon abi sibstans. Pandan plizyè deseni, Prevention Works te ede plizyè moun ak fanmi nan Konte Chautauqua fè chwa ki bon pou sante, ki reflechi atravè edikasyon, entèvansyon bonè epi nan konekte sila ki nan bezwen yo ak resous ak referans enpòtan yo. Finansman sa a pral ranfòse efò enpòtan sa yo. Prim sa a, ansanm ak lòt yo anonse jodi a, reflekte angajman Eta Nouyòk pou asire chak kominote gen zouti ak sipò yo bezwen pou konbat adiksyon ak ankouraje rekiperasyon."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Apeprè demi milyon dola nan fon règleman pou opyoyid la pral jwenn òganizasyon nan konte Dutchess, Columbi ak Greene. Voye lajan sa yo bay gwoup lokal ki nan avangad inisyativ prevansyon adiksyon—sitou kominote kriz itilizasyon sibstans plis afekte—se egzakteman kote lajan règleman BiG Pharma a dwe ale. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske l bay Konsèy sou Adiksyon, Prevansyon, ak Edikasyon nan Konte Dutchess ak Kowalisyon sou Adiksyon Columbia-Greene finansman sa yo ki sove lavi."

Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare, "Pandani epidemi opyoyid la ap kontinye devaste fanmi yo nan eta nou an, li esansyèl pou nou voye lajan règleman kote yo ka gen plis enpak: prevansyon, tretman ak rekiperasyon nan kominote. Òganizasyon tankou Cornell Cooperative Extension nan Konte Sullivan jwe yon wòl vital nan edikasyon ak sansibilizasyon ki sove lavi. Investisman sa a pral ede travay yo ak pote resous ki nesèsè pou sila yo ki nan avangad prevansyon itilizasyon sibstans."

Senatè Eta Robert G. Rolison, te deklare, "Konsèy sou Adiksyon, Prevansyon, ak Edikasyon nan Konte Dutchess ak lòt òganizasyon eksepsyonèl yo ki resevwa sipò sa a twouve yo nan avangad inisyativ ki sove lavi. Travay yo a pote lespwa, gerizon ak edikasyon pou moun ak fanmi adiksyon afekte. Avèk finansman sa a, y ap kapab atenn plis moun toujou ki nan bezwen, ranfòse efò prevansyon yo, elaji aksè nan swen ak ede kominote nou yo avanse nan direksyon yon avni ki pi an sante ak pi an sekirite."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Mwen konte dèske finansman 400,000 dola Fon Règleman pou Opyoyid Eta Nouyòk la pral sipòte dirèkteman òganizasyon yo nan distri mwen an ki founi sèvis adiksyon ki enpòtan. Epidemi opyoyid la te touche twòp fanmi isit la nan Hudson Valley, epi finansman sa a pral ede sila yo k ap lite kont abi sibstans ak sila yo ki nan rekiperasyon avèk resous ki esansyèl yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip ak sipò li."

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Se yon bagay ki ankourajan lè nou wè fon sa yo pral jwenn dirèkteman founisè yo olye pou yo retade akòz yon pwosesis apwobasyon ki byen long. Pandan n ap kontinye fè fas ak kriz opyoyid la, li enpòtan pou resous yo rive jwenn sila yo ki nan avangad inisyativ yo osito sa posib."

Manm Asanble Anil Beephan, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak OASAS pou envestisman kontinyèl li nan Hudson Valley. Konsèy sou Adiksyon, Prevansyon, ak Edikasyon nan Konte Dutchess la te fè yon gwo travay pou adrese pwoblèm adiksyon an ak sipòte fanmi yo nan kominote nou an. Finansman sa a pral ranfòse efò enpòtan sa yo epi ede sove lavi."

Manm Asanble Paula Elaine Kay te deklare, "Pi bon fason pou fè fas ak adiksyon se nan sispann li anvan li kòmanse. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou 200,000 dola li bay pou Cornell Cooperative Extension eksepsyonèl nou an nan Konte Sullivan. Yo se yon fòs pou fè byen nan kominote nou an epi mwen konfye ke yo pral itilize finansman sa a pou edike jèn yo, distribiye bwat pou vewouye medikaman, ankouraje jounen rekiperasyon dwòg ak, an jeneral, ranfòse prevansyon nan zòn nou."

Manm Asanble Brian Maher, te deklare, "Li esansyèl pou òganizasyon yo ki sou teren chak jou pou goumen kont epidemi opyoyid ak itilizasyon sibstans lan resevwa resous anplis. Mwen kontan wè Gouvènè a te garanti finansman pou zòn defavorize yo nan 101ye Distri Asanble a. Nou dwe rete vijilan epi kontinye sipòte plis òganizasyon ki nan avangad yo ki fè travay byenfezans chak jou nan konbat pwoblèm sa a."

Manm Asanble Andrew M. Molitor te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul paske w bay Prevention Works, yon ajans nan Konte Chautauqua, gwo lajan ki konsantre sou prevansyon adiksyon nan alkòl ak dwòg. Pou chak adilt ak timoun ki pa janm vin depandan nan sibstans sa yo oswa pou sila yo kote sik adiksyon an koupe, se yon lavi ki sove. Sa a se yon gwo itilizasyon resous eta a."

Kòm yon obsèvasyon anplis pou Mwa Nasyonal sou Prevansyon Sibstans ak Move Itilizasyon an ak Semèn Riban Wouj la, Eta Nouyòk ap limen moniman istorik annapre yo ak koulè wouj nan lannuit jedi 30 oktòb:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta Nouyòk la sipèvizè youn nan pi gwo sistèm sèvis pou adiksyon nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, rediksyon domaj ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimyè ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entènè ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman kont adiksyon ki disponib, ki gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen pou malad ki entènè yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn sou [sitwèb OASAS Eta Nouyòk la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)